

Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 21.3 MILYON DOLA FINANSMAN POU SOUTNI
AMELYORASYON ESANSYÈL NAN ENFRASTRIKTI NAN KOLÈJ AK
INIVÈSITE PRIVE, KI PA GEN BI FÈ PWOFI YO NAN NEW YORK**

***Sibvansyon an pral ede kanpis yo modènize lokal yo, amelyore eksperyans
etidyan yo epi pouse kwasans ekonomik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 21.3 milyon dola sibvansyon pou pwojè investisman nan 35 kolèj ak inivèsite toupatou nan New York. Finansman an soti nan Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè a (Higher Education Capital (HECap) Matching Grant Program) ki soti nan men Konsèy HECap lan, k ap bay sibvansyon ekivalan pou kolèj ak inivèsite prive ki san bi fè pwofi yo pou pwojè k ap kreye travay nan konstriksyon epi atire investisman nan kominote toupatou nan eta a. Pwojè yo gen ladan yo, pami lòt bagay, konstriksyon nouvo rezidans inivèsite ak lokal pou konferans, agrandisman lokal espòtif ak ekipman lokal syantifik dènye kri avèk teknoloji ak ekipman inovatè. Nouvo espas pou saldeklas epi amelyorasyon dirab nan sekirite ak estrikti yo fè pati tou amelyorasyon kalite aprantisaj ak lavi y ap reyalize yo.

"New York gen yon sistèm edikasyon klas mondyal, epi nou dwe kontinye investi nan etablisman edikatif nou yo pou ofri etidyan New York yo yon anviwònman vi ak aprantisaj ideyal pou yo reyisi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman sa yo nan kanpis kolèj nou yo pral non sèlman bon pou pwochen jenerasyon dirijan nou an, yo pral ranfòse kominote nou yo epi bay ekonomi an bourad nan tout eta a."

"Finansman yo anonse jodi a fè pati angajman nou kontinye pran nan tout eta a nan edikasyon siperyè epi nan garanti tout etidyan yo gen yon eksperyans eksepsyonèl nan tout kolèj ak inivèsite yo nan New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Avèk soutyen eta a, investisman sa yo pral modènize kanpis yo epi ede etablisman yo toupatou nan eta a kontinye agrandi epi pwospere."

Sou lidèchip Gouvènè a, Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè a te pèmèt kanpis yo toupatou nan eta a fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ak ekipman yo pandan y ap kreye travay nan konstriksyon. Kanpis ki ap resevwa sibvansyon yo gen obligasyon pou investi omwen 3 dola ki soti nan pwòp fon pa yo pou chak 1 dola finansman leta ke yo resevwa. Konsèy HECap lan te apwouve 21.3 milyon dola yo te bay 35 pwojè nan yon reyinyon ki te fèt nan dat 30 Jiyè.

Yon lis konplè pwojè ke yo te bay finansman yo ki soti nan Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), ki ap administre pwogram lan nan non Konsèy lan, disponib [la a](#). Montan finansman yo bay yo pa rejyon se:

- Rejyon Kapital: 1.3 milyon dola
- Finger Lakes: 2.3 milyon dola
- Long Island: 3.3 milyon dola
- Mohawk Valley: 312,711 dola
- Mid-Hudson: 3.7 milyon dola
- North Country: 825,385 dola
- Vil New York: 5.9 milyon dola
- Rejyon Lwès New York: 3.6 milyon dola

Yo te chwazi pwojè ke yo te seleksyone pou sibvansyon yo nan faz ki pi resan sa nan kad yon pwosesis aplikasyon konpetitif. Konsèy HECap la ki gen twa manm ladan, konte yon manm Prezidan Asanble a te chwazi, yon manm Prezidan Tanporè Sena a te chwazi, ak yon twazyèm manm Gouvènè a te chwazi.

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY te deklare, "DASNY pran plezi nan administre sibvansyon onon Konsèy HECap la. Chak dola yo depanse pou modènize etablisman ansèyman siperyè nou yo se yon investisman nan pwochen jenerasyon nou an, k ap ba yo resous li bezwen yo pou aprann, inovè epi fini pa reyisi".

Senatè Toby Ann Stavisky te deklare, "Envesti nan jèn moun nou yo, epi ba yo mwayen libere potansyèl yo gras a yon edikasyon klas mondyal dwe yon priyorite prensipal pou gouvènman eta a. Sibvansyon HECap la pral pèmèt kolèj prive ak ki pa gen bi fè pwofi sa yo fè amelyorasyon ki nesèsè yo pou pi byen sèvi etidyan yo. Kòm Prezidan Komite sou Ansèyman Siperyè Sena a (Senate Higher Education Committee), mwen pa ka tann pou m travay avèk kolèg mwen yo nan Kò Lejislatif la epi avèk Gouvènè Cuomo pou kontinye envesti nan sistèm ansèyman siperyè nou an epi ofri etablisman piblik nou yo soutyen, investisman eta, ak plan investisman yo merite a".

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "New York kontinye ap fè investisman esansyèl nan edikasyon. Kò Lejislatif la ak Gouvènè a pran yon angajman fèm nan etidyan nou yo epi nan garanti kolèj ak inivèsite prive, ki pa gen bi fè pwofi nou yo rete pami sa ki gen plis prestij yo nan nasyon an".

Mary Beth Labate, Prezidan Komisyon sou Kolèj ak Inivèsite Endepandan yo (Commission on Independent Colleges and Universities), te deklare, "Lè l eksplwate investisman prive avèk lajan piblik, Pwogram HECap la estimile kwasans ekonomik nan kominote yo toupatou nan New York, epi an menm garanti New York rete yon lidè mondyal nan ansèyman siperyè ak nan ekonomi inovasyon an. Ansanm avèk fon ki envesti yo dirèkteman nan kanpis prive, ki pa gen bi fè pwofi, pwogram ekivalans la eksplwate plis pase 1 milya dola pou enfrastrikti etablisman ansèyman siperyè nou yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Kò Lejislatif Eta a dèske yo ofri New York yon investisman k ap pote rannman pandan anpil lane".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)